

Piwulang Islam sajrone Naskah Israrul Ushul

Padriana Ayu Jayanti

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (padrianaayujayanti@gmail.com)

Abstrak

Naskah minangka salah sawijine wujud karya sastra tradhisi kang isine bisa menahi gegambaran marang panguripan lan kahanan masyarakat jaman biyen. Naskah Israrul Ushul minangka salah sawijine karya sastra tradhisi kang kagolong Sastra Pesisiran. Laras kaya irah-irahane Israrul Ushul, kang tegese pokok ajaran, naskah iki ngandhut piwulang agama Islam kang dadi pokok sajrone panguripane manungsa sabendinane. Mligine, piwulang kang diandharake sajrone naskah yaiku bab ngenani akhlak, kang nganti saiki isih diwulangake ing sekolah-sekolah lan pesantren-pesantren. Bab kasebut dijalari amarga piwulang akhlak dirasa isih wigati diwulangake lan menahi guna kang akeh kanggo mbentuk kapribadene manungsa.

Gayut karo andharan sadurunge, mula bisa dirumusake underane panaliten iki yaiku: (1) Kepriye *deskripsi* Naskah Israrul Ushul?, (2) Kepriye suntingan teks sajrone Naskah Israrul Ushul?, (3) Kepriye piwulang-piwulang Islam sing tinemu ing sajrone Naskah Israrul Ushul lan sesambungane karo Al-Qur'an lan Hadist?, (4) Apa guna piwulang-piwulang Islam sajrone Naskah Israrul Ushul?. Gegayutan karo underane panaliten kang wis dirumusake mau, panaliten iki kaajab bisa menahi sumbangan tumrap kasusastran Jawa, mligine sastra tradhisi lan bisa nambah kawruh ing babagan piwulang agama Islam.

Landhesan teori sajrone panaliten iki migunakake prinsip intertekstual kang diandharake dening Kristeva (1986). Kanggo nganalisis kahanan fisik lan kritik teks naskah, panaliti nggunakake teori filologi modern kang diandharake dening Purnomo (2007), tujuwan panaliten filologi sajrone panaliten iki adhedhasar teori Baried (1994), dene kanggo nganalisis isi lan kahanan fisik naskah nggunakake teori hermeneutika saka Ratna (2011). Titingan tumrap naskah kasebut migunakake metode *dheskriptif kualitatif* kanthi pamarekan filologi modern. Sumber data klompok sepisan kang digunakake ing panaliten yaiku fotokopian Naskah Israrul Ushul kang asale saka Museum Mpu Tantular Sidoarjo, dene sumber data klompok kapindho yaiku Al Qur'an digital versi 2.1 saka Kementrian Keagamaan RI lan terjemahan Hadits Bukhari-Muslim, Ikhtishar Mushthalahu'l Hadits, Fiqh Islam. Data primer kang digunakake yaiku tembung, frasa, klausa lan ukara kang asale saka Naskah Israrul Ushul, Al Qur'an lan Hadits. Dene data sekunder kang digunakake yaiku arupa naskah-naskah, kitab-kitab lan buku-buku agama Islam liyanekang bisa nguwatake pamawas lan panemu sajrone panaliten iki. Metode analisis data kang digunakake sajrone panaliten iki yaiku metode deskriptif analisis komparatif.

Tata cara kang digunakake kanggo nitingi data yaiku: (a) nindakake panaliten filologi kang diwiwiti saka inventarisasi naskah, transliterasi naskah, deskripsi naskah, lan nindakake kritik teks. Sawise iku isi naskah banjur ditafsirake migunakake metode hermeneutik, (b) nitingi data-data intertekstual sajrone Naskah Israrul Ushul, (c) nitingi data-data intertekstual kang ana kitab utawa naskah liya, mligine Al Qur'an lan Hadits, (d) nandhingake data-data intertekstual sajrone naskah, (e) njlentrehake fungsi piwulang sajrone Naskah Israrul Ushul, (f) menahi dudutan saka asiling tintingan data.

Saka asiling panaliten ngenani deskripsi lan suntingan teks Naskah Israrul Ushul bisa diweruhi kahanan naskah isih cukup apik, samake isih ana nanging kahanane wis rusak lan ora tinulis irah-irahane naskah, perangan ngarep lan mburi naskah kahanane wis rusak ing pinggire, saengga ana perangan kang ora cetha aksarane. Naskah iki dumadi saka 83 kaca, wujud tembang macapat Asmarandana, Durma, Pangkur, Artati lan Sinom kang cacahé 272 pada. Yen digatekake saka pungkasane naskah kang isih 'nggantung' isine lan ing perangan mburi katon kecampur naskah liya, mula bisa ditegesi yen ana saperangan kaca ing pungkasane naskah kang ilang lan samak kang dadi samake naskah dudu samak asli naskah. Tulisane naskah apik lan ditulis tangan. Wujud tulisane migunakake aksara Arab basa Jawa (Arab Pegon). Basa kang digunakake yaiku basa Jawa Anyar, basa Kawi, basa Arab lan basa Melayu.

Dene asiling panaliten ngenani isi Naskah Israrul Ushul bisa dingerteni ana rong piwulang Islam sajrone Naskah Israrul Ushul yaiku piwulang-piwulang Islam kang arupa prentah utawa dhawuh lan piwulang-piwulang Islam kang arupa wewaler. Piwulang-piwulang Islam kang arupa dhawuh yaiku tumindak-tumindak kang ndadekake manungsa mlebu suwarga arupa *akhlakul karimah (mahmudah)*. Dene piwulang-piwulang Islam kang arupa wewaler yaiku tumindak-tumindak kang ndadekake manungsa mlebu neraka arupa *akhlakul mazmumah*. Saliyane iku, saka piwulang-piwulang kang diandharake sajrone naskah bisa dingerteni gunane yaiku: (1) nuwuhake nilai agama, (2) nuwuhake rasa tepaslira, (3) mbenerake akidah lan akhlak, (4) ngedohake saka tumindak kang ala.

Kata kunci : Piwulang Islam, Naskah Israrul Ushul, Filologi, Prinsip Intertekstual.

A. PURWAKA

Sastra iku tuwuh amarga anane daya *imajinasi* saka pangripta lan kahanan kang ana ing panguripane manungsa saben dinane. Semi (1998:8) ngandharake yen sastra yaiku wujud asil pakaryan seni *kreatif* kang obyektif yaiku manungsa lan panguripane, lan nggunakake basa kang dadi *medhume*. Mula saka iku karya sastra sing tuwuh ngrembug perkara kedadeyan kang ana ing panguripan. Sajrone proses kanggo ngasilake lan menahi sawijine pamawas yen sastra iku minangka gegambarane kahanan sosial ing masyarakat, karya sastra uga ngemot piwulang lan tuntunan marang pamaose.

Sastra Jawa iku miturut wektu panulisane diperang dadi patang *periode*, yaiku Sastra Jawa Kuna, Sastra Jawa Madya utawa *Pertengahan*, Sastra Jawa Anyar lan Sastra Jawa *Mutakhir* (Purnomo, 2011:20). Sastra Jawa Anyar diperang dadi rong golongan yaiku Sastra Jawa Klasik lan Sastra Jawa Pesisiran. Penggolongan kasebut adhedhasar saka panggonan pangrembakane, yaiku ing daerah pedhalaman utawa keraton lan ing daerah pesisiran (Purnomo, 2011:23). Rong golongan karya sastra kasebut nduweni titikan kang beda, yen Sastra Jawa Pesisiran iku luwih cundhuk marang piwulang agama Islam, dene ing Sastra Jawa Klasik iku luwih cundhuk karya-karya kang isine ngenani pitutur.

Karya Sastra Jawa Anyar saperangan awujud naskah. Naskah yaiku tulisan tangan kang nyimpen maneka warna panemu lan pangrasa minangka salah sawijining asiling budaya ing jaman kuna. Naskah minangka salah sawijine wujud karya sastra tradisional kang isine bisa menahi gegambaran marang panguripan lan kahanan masyarakat jaman biyen. Naskah-naskah iku mujudake salah sawijine sumber *informasi* kang wigati, amarga sajrone naskah sumimpen *arsip* kang ngrekam asiling kabudayan, andharan, lan katrangan kang ngandhut sejarah ing masyarakat jaman biyen (Baried, 1983: 55).

Karya sastra kang awujud naskah biasane migunakake basa *klasik* kang diripta saka kahanan sosial budaya kang wis beda karo kahanan sosial budaya masyarakat jaman saiki. Saengga ora nggumunake yen masyarakat jaman saiki kangelan anggane mangerteni isi naskah kasebut (Baried, 1994:1). Naskah ing Indonesia iku maneka warna jinis lan basane. Mula nguri-uri naskah iku wigati banget, amarga akeh ngemot nilai luhur lan minangka asil budaya masyarakat kasebut.

Kaya kang wis diandharake mau karya Sastra Jawa Anyar iku kaperang dadi loro, yaiku sastra Jawa Klasik lan Sastra Jawa Pesisiran. Sastra Jawa Klasik yaiku sastra Jawa kang asale saka kraton lan ngrembaka ana ing lingkungan kraton kang isine *didominasi* dening karya sastra piwulang, dene sastra Jawa Pesisiran yaiku asil kabudayan ing laladan pesisir kang ana sisih lor pulo Jawa (Koentjaraningrat, 1994: 15-26).

Sastra Jawa Pesisir mujudake *ekspresi* sastra kang asale saka masyarakat pesisir (mligine pesisir sisih lor pulo Jawa) kang nduweni guna tartamtu kanggo masyarakat panyengkuyunge (Purnomo,

2011:22). Asiling reiptan kasusastra Jawa Pesisiran kayata: *Serat, Babad, Seni Kentrung, Suluk*, lan *Wirid*. Karya Sastra Jawa Pesisiran kang nuwuhake maneka warna jinis reiptan, kanthi mligi Purnomo (2011: 25) merang jinise karya sastra Pesisiran dadi loro yaiku reiptan kang awujud *etik* (asipat *religius* lan *didaktis* kang awujud karya dongeng lan *Suluk*), lan reiptan *epik* (asipat *kepahlawanan* kang asale saka sanjabane utawa asli saka Jawa).

Karya Sastra Jawa Pesisiran uga nduweni jinis sastra yaiku kang awujud tembang lan kang awujud gancaran. Karya sastra kang awujud tembang iku tuladhane karya-karya sastra kang awujud *Suluk*, dene karya sastra kang arupa gancaran tuladhane *Sulam Taufiq* lan kitab *Tauhid*. Saka wujud antarane karya sastra tembang lan gancaran iku nduweni wujud kang beda. karya sastra arupa tembang iku nduweni titikan yaiku panulisane kaiket dening guru gatra, guru lagu lan guru wilangan, dene karya sastra kang awujud gancaran iku tulisane diwedhar tanpa kaiket dening guru gatra, lagu lan wilangan.

Salah sawijining jinis Karya Sastra Pesisiran kang wujud arupa tembang yaiku Naskah Israrul Ushul. Naskah kasebut asale saka Banyuwangi, kasimpen ana ing museum Mpu Tantular Sidoarjo. Sajrone Naskah Israrul Ushul iku dumadi saka limang tembang macapat utawa tembang cilik yaiku: Asmarandana, Durma, Pangkur, Sinom lan Artati utawa Dandanggula. Aksara kang digunakake sajrone naskah iki yaiku aksara Pegon, yaiku aksara kang aksarane nganggo aksara Arab nanging basa kang digunakake yaiku basa Jawa.

Naskah Israrul Ushul digunakake minangka obyek panliten, jalaran naskah iki ngemu maneka warna dhawuh lan wewaler sajrone agama Islam kang ndadekake manungsa iku mlebu suwarga lan naraka. Dhawuh lan wewaler agama iki diandharake sajrone seket pasal kang arupa dhawuh lan seket pasal arupa wewaler. Mula saka iku kanthi nyinaoni naskah iki bisa menahi tuntunan kanggo masyarakat, mligine para muslim supaya bisa tumindak bener lan pener sajrone panguripan lan bebrayan.

Bab kang narik kawigaten saka naskah iki yaiku bab isi lan wujud. Saka isine bisa dingerteni piwulang apa kang diwedharake ana ing njerone naskah. Saliyane iku, uga bisa mangerteni tujuwan pangripta sajrone ngripta karya kasebut, apa iku kanggo masyarakat kang ana ing sakupenge utawa dhiri pribadine pangripta dhewe, amarga karya sastra iku diripta mesthi nduweni tujuwan tartamtu. Saka wujud, bab kang narik kawigaten yaiku diripta migunakake tulisan aksara Pegon lan wujud tembang, amarga ing jaman saiki wong wis ora migunakake maneh tulisan aksara Pegon ing panguripan sabendinane. Mula saka iku, kanthi nyinaoni aksara Pegon iki bisa ngerti tata cara panulisane lan kepriye pangripta jaman biyen ngripta karya sastra kang awujud tembang.

Naskah Israrul Ushul isine ngenani piwulang lan tuntunan agama. Mula saka iku naskah kasebut nduweni sesambungan karo naskah-naskah utawa kitab-kitab agama Islam liyane. Piwulang agama iku pokok-pokok piwulange kudu laras karo kitab sucine,

amarga yen ora laras bakal nuwuhake *penyimpangan-penyimpangan* piwulang agama, mula naskah iki ditintingi migunakake prinsip intertekstual.

Kantheni pamawas kang luwih jembar interteks ditegesi minangka sesambungan anatarane teks siji karo teks liyane. Panliten kang ditindakake kantheni nggayutake sesambungan-sesambungan kang nduweni makna antarane rong teks utawa luwih. Sesambungan kang dikarepake ing kene dudu mung sesambungan ora mung dasanama nanging uga kosokbalen. Bab iki laras kaya kang diandharake dening Nurgiantoro (2009:50) kang ngandharake yen kajian interteks minangka tetandhingan saperangan teks sastra kang dinuga nduweni wujud-wujud sesambungan tartamtu. Adhesadhasar pamawas saka Nurgiantoro (2009:50) kasebut, bisa ditegesi yen kajian intertekstual iku gegayutan karo sastra bandhingan, yaiku studi ngenani sesambungan rong teks kasusastran utawa luwih (Wellek lan Warren, 1993:49)

Naskah Israrul Ushul iki bakal ditintingi nganggo prinsip Intertekstual. Tegese teori intertekstual kang digunakake sajrone panliten iki dudu nandhingake isi naskah karo isi Al Qur'an lan Hadits, amarga nandhingake antarane naskah lan Al Qur'an lan Hadits iku ora sebandhing. Mula kang digunakake yaiku prinsip intertekstual kanggo mbutekake yen isi sajrone Naskah Israrul Ushul asale saka Al Qur'an lan Hadits.

Sadurunge nлити bab intertekstual sajrone naskah iki, trap-trapan wiwitan kang ditindakake yaiku transliterasi naskah, amarga wujud Naskah Israrul Ushul iki kagolong naskah lawas kang diripta tangan. Transliterasi naskah bakal njarwani aksara Arab Pegon dadi aksara Latin, supaya luwih gampang diwaca lan ditandhingake.

Saka andharan kasebut, bisa ditegesi alasan migunakake bab iki amarga durung ana sing nлити bab intertekstual sajrone naskah Israrul Ushul, kamangka saka wujud karo isi naskah iki narik kawigaten yen digayutake karo bab intertekstualitas. Saliyane iku, panliten intertekstual sajrone Naskah Israrul Ushul iki nduweni tujuwan supaya bisa ngandharake piwulang-piwulang Islam apa wae kang ana sajrone naskah kang dadi pokok utawa dhasar panulisan naskah iki, saengga bisa menehi sumbangan ilmu tumrap bebrayan agung. Adhedhasar pamawas kang kaya mangkono panliten sajrone naskah Israrul Ushul iki diwenehi irah-irahan "Piwulang Islam sajrone Naskah Israrul Ushul".

B. METODE

Panliten iki migunakake metode panliten kang asipat *kualitatif*, amarga panliten iki ditindakake kantheni cara maca lan ngerteni isine naskah banjur dibandhingake karo buku utawa kitab liya. Ratna (2011: 46-47) ngandharake yen metode *kualitatif* iku migunakake penafsiran lan penyajiane iku awujud *deskripsi*. Metode *kualitatif* iku nengenake hakikat nilai-nilai. Kang dadi sumber data sajrone panliten *kualitatif* yaiku karya, naskah, data panliten, minangka data formal yaiku tembung-tembung, ukara lan wacana. Jinis panliten *kualitatif* sajroning panliten

iki asipat uga asipat *deskriptif*, amarga objek panliten asil *data*-ne arupa tetembungan kang tinulis.

Kantheni migunakake metode *deskriptif kualitatif* iki, prinsip intertekstual marang naskah Israrul Ushul iki ditindakake kantheni cara ngandharake saperangan makna kang ana ing saben-saben karya kantheni cara njejerake data-data banjur pungkasane dikomparasekake.

Ana saperangan sumber data kang digunakake sajrone panliten iki. Sumber data kasebut padha-padha nduweni kalungguhan kang wigati nanging beda, mula sumber data diklompokake dadi rong klompok. Sumber data Klompok sepisan yaiku naskah Israrul Ushul kang disimpen ana ing Museum Mpu Tantular Sidoarjo, kantheni nomer inventaris 07-211 M. Dene sumber data klompok kapindho yaiku Al Qur'an lan Hadits.

Klompok sepisan, yaiku Naskah Israrul Ushul ditulis tangan kantheni nggunakake aksara Arab Pegon, wujud arupa tembang macapat, yaiku Asmarandana, Durma, Pangkur, Artati lan Sinom kang cacah ana 272 pada, cacah ana 83 kaca. Naskah iki asale saka Banyuwangi, naskah iki arupa naskah asli kang kahanane isih cukup apik, nanging jalaran naskah asline ora bisa disilihake, mula dening pihak museum difotokopi supaya bisa disinaoni ana ngomah. Naskah iki isih ana samake, nanging ora sinurat irah-irahane. Kanggo ngerteni irah-irahan naskah kudu maca dhisik isi naskah. Ing katrangan kang ana ing njero naskah iki banjur dingerteni yen naskah iki irah-irahane Israrul Ushul. Isi naskah iki ngenani pasal-pasal kang ndadekake manungsa iku mlebu suwarga lan neraka.

Klompok kapindho yaiku Al Qur'an digital versi 2.1 terjemahan saka Departemen Keagamaan RI. Al Qur'an digital iki terbitan CV Diponegoro, Bandung. Alamat website yaiku <http://www.alquran-digital.com>. Saliyane Al Qur'an sumber data klompok kapindho yaiku buku-buku hadits terjemahan saka Labib MZ. lan Mulkan Hamid terbitan taun 1997 kantheni irah-irahan *Koleksi Hadits Nabi yang Disepakati Bukhari dan Muslim Dilengkapi dengan Penjelasan* terbitan Yayasan Amanah-Tuban, Abuddin Nata terbitan taun 1998 kantheni irah-irahan *Al-Qur'an dan Hadits* terbitan PT. Raja Grafindo Persada-Jakarta, Fatchur. Rahman terbitan taun 1974 kantheni irah-irahan *Ikhtishar Mushthalahu'l Hadits* terbitan PT. Alma'arif-Bandung, lan kang pungkasan buku Fiqh Islam riptan H. Sulaiman Rasjid terbitan taun 2010, Sinar Baru Algesindo-Bandung.

Data kang digunakake sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku data *primer* lan data *sekunder*. Data *primer* kang digunakake sajrone panliten iki yaiku arupa pethikan tembung-tembung, apa iku arupa frasa, klausa lan ukara kang asale saka naskah Israrul Ushul, Al Qur'an lan Hadits.

Dene data *sekunder* kang digunakake yaiku arupa naskah-naskah, kitab-kitab lan buku-buku agama Islam liyane kang bisa nguwatake pamawas lan *temuan-temuan* sajrone panliten iki, amarga pamawas ngenani agama Islam iku sumbere akeh banget lan nduweni pamawas kang maneka warna.

Ing bab tata cara pangumpule data iki diandharake kepriye tata cara panglumpuke data kang mathuk kanggo nintingi objek. Ing njero panliten iki tata cara pangumpulan data kang digunakake yaiku sistim tandha. Data kang arupa pethikan tembung, ukara lan wacana kang ana sesambungane karo intertekstual sajrone naskah lan sumber-sumber data liyane ing kene diwaca kanthi tliti banjur diwenehi tandha khusus. Instrumen kang digunakake yaiku panliti lan spidol warna abang, kuning, ijo, kunir bosok, biru lan jambon.

Panliten iki migunakake metode panliten kualitatif. Metode analisis data kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik deskriptif analisis. Ratna (2011:53) ngandharake yen metode deskriptif analisis iku ditindakake kanthi cara ngandharake kanyatan utawa fakta-fakta banjur dianalisis. Saliyane ngandharake lan nganalisis isi naskah, ing panliten iki uga nandhingake isi naskah kanthi mbuktekake piwulang sajrone naskah karo piwulang-piwulang kang ana Al Qur'an lan Hadits, mula panliten iku uga migunakake metode komparatif.

C. ANDHARAN

1. Dheskripsi Naskah

Deskripsi Naskah yaiku ngandharake informasi ngenani kahanan fisik naskah. Ing bab iki diandharake irah-irahan naskah, nomer naskah, ukurane naskah, cacah kaca naskah, wujud lan sapanunggalane. Tujuwan ngandharake dheskripdi naskah iki, kanggo nggampangake nindakake panliten sabanjure.

Naskah kang ditliti lan diandharne yaiku naskah kang kasimpen ana ing Museum Mpu Tantular, Sidoarjo. Naskah iki irah-irahane Israrul Ushul, ditulis kanthi nomer inventaris 07-211 M. Naskah iki awujud tembang cacah ana 272 pada, dumadi saka limang tembang yaiku Asmarandana, Durma, Pangkur, Artati utawa Dandang Gula lan Sinom. Ditulis tangan sajrone 83 kaca. Tulisan naskah nggunakake aksara Arab nanging basane Jawa, mula sinebut naskah Pegon. Andharan ngenani Naskah Israrul Ushul dijlentrehake luwih cetha ing perangan-perangan sub bab iki.

1.1 Irarahane Naskah

Naskah iki isih ana samake, nanging wis rusak lan ora sinurat irah-irahane kanthi cetha. Semana uga ing perangan ngarep ora ana katrangan ngenani irah-irahane, kang sinurat mung tulisan *Bismillahirrahmanirrahim*. Naskah iki diwenehi irah-irahan Israrul Ushul amarga ing perangan njerone sinurat jeneng Israrul Ushul. Kaya kang ana ing pethikan ing ngisor iki:

Ama ba'du anapun sawusi,
maka iku rupane,
arane kitab punika,
Israrul ushul namanya,
kang baritakaken ing siksa,
sakathahe siksa katutur,
kawon ganjaran kocapa. (I. 9)

Tembung "Israrul" iku tegese wewadi, dene "ushul" tegese pokok. Dadi bisa didudut yen saka irah-irahane naskah iki ngandharake ngenani pokok-pokok sawijining wewadi. Bab iki laras karo isine naskah kang pancen ngandharake ngenani wewadi pokok-pokok piwulang Islam, kayata wewaler sarta dhawuhe Gusti Allah kang kudu ditindakake dening manungsa.

1.2 Pangripta lan Wektu Panulisane Naskah

Umume karya sastra utawa naskah, jeneng pangripta ana ing kolofon lan manggalane, nanging ing Naskah Israrul Ushul iki ing perangan kolofon lan manggalane ora sinurat jeneng pangriptane. Sebab, sing sepisan bisa uga sejatine ing naskah iki ditulis jeneng pangriptane ing perangan kolofon utawa manggalane, nanging amarga ana perangan naskah kang ora jangkep, mula jeneng pangriptane ora ana. Perangan kang ora jangkep yaiku perangan perangan mburi saka naskah, amarga saka ukara ing perangan mburi naskah iki dirasa kurang tuntas lan kecampu karo naskah liya, dadi bisa ditegesi yen samak kang ana dudu samak asli naskah. Bisa amarga pangripta pancen ora nulis jenenge ana ing naskah iki, supaya pamaos ora ngerteni pangripta naskah Israrul Ushul iki. Saliyane iku, ing naskah iki uga ora sinurat tanggal sarta panggon panulisane naskah iki.

1.3 Kahanan Fisik Naskah

Naskah Israrul Ushul kang asale saka Banyuwangi iki awujud naskah. Kahanan fisik naskah asli iki saperangan gedhe isih apik, nanging kahanan samake wis rusak. Perangan mburi saka naskah iki uga ilang, digatekake saka isi naskah iki kang isih "nggantung", saliyané iku ing mburi naskah ditemokake perangan saka naskah liya. Ing perangan ngarep lan mburi naskah iki kertase wis akeh sing rusak ing pinggire, mula ana saperangan aksara kang wis ora bisa diwaca maneh, nanging isi saka naskah iki tetep bisa dingerteni kanthi cetha.

1.4 Tulisan Naskah

Tulisan kang digunakake sajrone Naskah Israrul Ushul iki yaiku aksara Arab Pegon, yaiku aksara Arab kang digunakake kanggo nulis basa Jawa kang ditambahi *tanda-tanda baca* supaya wong luwih gampang anggane maca (Hutomo, 1984:14).

Kahanan tulisan Naskah Israrul Ushul kanthi umum isih cetha lan bisa diwaca, senjata ing perangan wiwitan lan pungkasan naskah akeh tulisan kang mblobor, ilang utawa reget. Tulisan sajrone Naskah Israrul Ushul iki isih ditulis tangan. Tulisane jejeg, rapi lan aksarane gedhe.

1.5 Basa Naskah

Basa kang digunakake sajrone Naskah Israrul Ushul jinise ana papat, yaiku basa Jawa Anyar, basa Kawi, basa Arab lan basa Melayu. Basa utama kang digunakake kanggo mendharake isi saka Naskah Israrul Ushul iki yaiku basa Jawa Anyar, dene basa Kawi, Arab lan Melayu mung digunakake ing saperangan naskah. Basa Arab ing kene digunakake jalaran reiptan iki awujud sastra Jawa

kang isine gegayutan karo piwulang agama Islam. Piwulang-piwulang iki asale saka kitab lan hadits kang saperangan gedhe migunakake basa Arab. Andharan luwih cetha diandharake ing saben sub bab iki.

1.5.1 Basa Jawa Anyar

Yen digatekake saka titikane, basa kang digunakake sajrone Naskah Israrul Ushul iki kalebu basa Jawa Anyar. Basa Jawa Anyar iki basane luwih memper karo basa Jawa ing jaman Surakarta (wetara abad 18 lan 19) (Hutomo, 1984:29). Basa kang digunakake ing Naskah Israrul Ushul iki basane luwih gampang dingerteni, tinimbang basa para pujangga keraton. Sajrone nggunakake tembung tanggap, pangripta nggunakake seselan *in* lan ater-ater *den* lan *ka*. Tuladha tembung kang nggunakake seselan *in* lan ater-ater *den* lan *ka* yaiku:

Ing dina qiyamat *pinukul* (I. 18. 6),
Iya iku ora *tinarima* dening Yang (II. 1. 9),
Ing naraka *den panggih* (IV. 14. 8),
Den keker lawang tumuli (IV. 18. 7),
Kalawan siksa kang ala (IV. 16. 6),
Tatkalane *kapatiyan* sireku (IV.22.5),

1.5.2 Basa Kawi

Tegese Basa Kawi ing kene yaiku tembung-tembung kang digunakake ana ing Pedhalangan utawa ing layang-layang wacan, luwih-luwih ing layang tembang, kang lumrahe padha dingerteni tegese, nanging ora digunakake pedinan (Hadiwijana sajrone Hutomo, 1984:44). Panggunane tembung kang ngandhut Basa Kawi wigati banget, amarga tembang kang ora ngandhut basa Kawi dianggep kurang nduweni nilai kaendahan.

Tembung-tembung Kawi kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul yaiku:

Ing *kidung* iku anggongon setan uga (IV.20.6),
Sinung *nugrahan* Yang Agung (VII.8.3),
Telung puluh taun lawase dening Yang kang
Maha Mulya (IX. 18. 12)

Sajrone ngripta tembung basa Kawi ing kene akeh bab kang kliru, kayata tembung *hyang* ditulis *yang*, *sukma* ditulis *suksema*. Bab iki bisa dianggep samubarang kang lumrah kanggo ngepasake guru lagu lan guru wilangan, amarga naskah kasebut Naskah Pesisiran kang anggane nulis karya sastra kadhang kala ora manut pakem ngripta tembang.

1.5.3 Basa Arab

Basa Arab kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul iki minangka basa *resapan* saka tetembungan asale kang asale saka kitab-kitab agama kang migunakake basa Arab. Basa Arab ing kene digunakake jalaran riptan iki awujud sastra Jawa kang isine gegayutan karo piwulang agama Islam. Piwulang-piwulang iki asale saka kitab lan hadits kang saperangan gedhe migunakake basa Arab. Ing kene diandharake saperangan tuladha ukara kang

migunakake tembung-tembung basa Arab sajrone Naskah Israrul Ushul, yaiku:

Ing sak akehe *mukmin* (I. 1. 6),
Kalawan tobat nasuha iki (IV. 5. 2),
Apa malih *farđu sunat* (IV. 6. 6),

Tembung-tembung Basa Arab ing Naskah Israrul Ushul nduweni guna kanggo dakwah agama Islam ing *kalangan* wong Jawa. Saliyane iku, anane tembung-tembung Basa Arab kasebut mratandhani yen pangripta njipuk piwulang-piwulang kang ana ing Naskah Israrul Ushul saka Al Qur'an lan Hadits.

1.5.4 Basa Melayu

Saliyane basa-basa kang wis diandharake sadurunge, ana seperangan tembung ing Naskah Israrul Ushul kang ngandhut basa Melayu. Tembung-tembunge yaiku:

Angucap *kalimat* sahadat wong puniku
(IV.10.5),
Linebonan *api* (VI. 7. 10),
Malah *bersih* balunge sireki (X. 21. 2),

Tembung-tembung kasebut kalebu tembung-tembung basa Melayu. Anane tembung basa Melayu ing kene jalaran Naskah Israrul Ushul sadurunge dijarwakake basa Jawa wiwitane nggunakake basa Melayu. Kabeh iku durung dibuktekake, amarga panliten iki nliiti bab Intertekstual sajrone naskah, mula kudu diteliti kanthi luwih cetha maneh.

1.6 Wujud Naskah

Jinis naskah kang digunakake kanggo ngandharake isi Naskah Israrul Ushul yaiku awujud tembang macapat. Metrum tembang kang digunakake yaiku tembang Asmarandana, Durma, Pangkur, Dandang Gula utawa Artati lan Sinom. Kaya umume naskah Pesisiran, bebuka sajrone naskah iki migunakake tembang Asmarandana. Tembang Asmarandana digunakake jalaran nduweni sipat katresnan, saengga trep digunakake kanggo medharake *ekspresi* karya sastra kang nduweni tema katresnan. Tembang mau asring digunakake ing karya sastra suluk, jalaran bisa nggambarake rasa tresna kang diduweni manungsa marang Gustine (Purnomo, 2011:110). Pethikan sajrone naskah kaya mengkene:

Ingsun amiwiti amuji,
anyebut wasteng sukma,
kang murah ing dunya reku,
ing sakehe mahdalika,
lan kang asih ing akhirat,
ing sakehe mukminiku,
..... maha balaba. (I. 1)

Pethikan tembang kasebut isine ngenani pepuji marang Gusti marang sekabehe mukmin. Bebuka kang awujud pepuji iku wis lumrah ditemoni ing Naskah Pesisiran. Malah bisa diwastani yen meh kabeh Naskah Pesisiran iku mesthi migunakake

tembung pepuji kaya ing pethikan kasebut lan wis dadi ukara khas sajrone Naskah Pesisiran.

1.7 Isine Naskah

Saben naskah iku mesthi ngemot piwulang ana sajrone reriptane, semana uga ing naskah Israrul Ushul. Piwulang agama mligine agama Islam iki diandharake gegayutan karo sipate Naskah Pesisiran kang didominasi karo sastra piwulang.

Naskah Israrul Ushul iki isine ngenani surga lan neraka. Piwulang iki nduweni guna kanggo manungsa mligine para mukmin supaya tansah tumindak apik lan ngedohi tumindak kang ala. Saben tumindak kang ala lan kang apik ing kene diklompokake sajrone seket pasal. Saliyane iku ing kene uga dituduhake kahanane surga lan neraka, jinis-jinise surga lan neraka sarta kahanane surga lan neraka.

2. Suntingan Teks

2.1 Dhasar-dhasar Suntingan Teks

Ana saperangan dhasar-dhasar kang digunakake kanggo netepake tembung-tembung kang digunakake ing suntingan teks Naskah Israrul Ushul, yaiku:

- (1) Misahake aksara kang padha karo basane ing Aksara Latin. Tuladhane tembung *'mukminika'* dadi *'mukmin ika'*, *'Sangyang'* dadi *'Sang Hyang'*, lan sapanunggalane.
- (2) Mbenerake ejaan kang ana ing naskah dipadhakake karo ejaan kang bener. Tuladhane tembung *'dunya'* dadi *'donya'*, *'kabih'* dadi *'kabeh'*, *'Suksema'* dadi *'Sukma'* lan sapanunggalane.
- (3) Aksara Murda (*Huruf Kapital*) digunakake kanggo nulis wiwitane pada lan jeneng. Tuladhane *Hyang Widi*, *Hyang Agung*, *Allah* lan sapanunggalane.
- (4) Tembung kang migunakake Aksara Arab dikandeli aksarane.
- (5) Tandha-tandha kang digunakake ing suntingan teks, yaiku:
 - a. {...} : digunakake kanggo tembung kang diowahi jalaran ngetrepake guru lagune.
 - b. <...> : digunakake kanggo tembung kang ditambah kanggo ngetrepake guru gatrane.
 - c. (...) : digunakake kanggo tembung kang dikurangi kanggo ngetrepake guru gatrane.
 - d. [...] : digunakake kanggo tembung kang ora bisa diwaca amaraga naskah rusak utawa aksarane ora cetha.
 - e. /.../ : digunakake kanggo mbedakake gatra siji karo gatra liyane ing saben sapada.
 - f.// : digunakake kanggo mungkasi saben pada (tandha titik).
 - g. ?...? : digunakake kanggo tembung kang ora makna lan tegese.
 - h. Angka I, II, : digunakake kanggo urutaning pupuh.
 - i. Angka 1,2,.... : digunakake kanggo urutaning pada.

- j. Tandha cetak miring digunakake kanggo tembung-tembung kang disingkat, tuladhane *puh* saka *'pupuh'*, *Asmaran* saka *'Asmarandana'*, *Yang* saka *'Hyang'* lan sapanunggalane.
- k. Saben ana ater-ater (*prefiks*) diwenehi tandha strip (-).
- l. Kanggo tembung-tembung *kepemilikan* tulisane digandheng.
- m. Tandha garis ngisor (.....) digunakake kanggo tembung kang diwenehi cathethan sing tembung cacache luwih saka satembung.

2.2 Asile Suntingan Teks

Ing perangan aparat kritik sajrone panliten iki metode kang digunakake yaiku metode naskah tunggal (*codex unicus*), dene penerbitan teks nggunakake edisi *standar*, tegese sajrone penerbitan kasebut nindakake *emendasi* marang kaluputan-kaluputan, penyimpangan teknis, dene ejaane dislarasake karo aturan normatif kang wis diakoni.

Suntingan teks sajrone panliten iki mung njupuk sapupuh saka naskah kang dianggep makili Naskah Israrul Ushul, yaiku pupuh wiwitan naskah kang migunakake tembang Asmarandana. Ing pupuh wiwitan iki nuduhake jinis naskah saengga bisa mangerteni yen naskah iki kalebu naskah Pesisiran. Saliyane iku, ing perangan pupuh wiwitan iki bisa dingerteni isi naskah kang sabanjure, dadi bisa diwastani yen pupuh wiwitan naskah iki minangka *sinopsis* saka Naskah Israrul Ushul.

Saperangan suntingan teks sajrone naskah Israrul Ushul yaiku:

Bismilah hirrahman nirrahim//

Pupuh I: Asmarandana

Puh Asmaran//

- (1) Ingsun amiwiti muji¹ / anyebut wastaning sukma / kang murah ing dunya² reku³ / ing sakihe [mukminika]⁴ / lan kang asih ing **akhirat** / ing sakehe mukminiku / [Gusti kang]⁵ maha balaba⁶//
- (2) Sakathahe sembah puji / katur [ing]⁷ Sangyang⁸ Sukesma⁹ / Pangeran ing ngalam reku / kang murah ing donya ika / maring makhhluk <samadaya>¹⁰ / nadyan ing jerone watu / pasthi ora kaliwatan//

2.3 Cathetan

- (1) Tembung *amiwiti amuji* ing kene karepe kanggo mratandhani yen metrum kang digunakake yaiku Asmarandana, senajan ing ukara sadurunge wis nyebutake yen pupuh kang wiwitan kasebut pupuh Asmarandana. Amuji ing kenen tegese sipat tresna kang diduweni dening manungsa kang dilakoni kanthi cara memuji asmane Gustine. Mula tembung amuji nduweni sipat padha kaya tembang Asmarandana kang nduweni watek seneng utawa nandang branta kanggone wong kang kasmaran.
- (2) Tembung *dunya* iku sejatine asale saka basa Arab, banjur ing basa Jawa dadi donya. Dadi

bisa dingerteni yen tembung donya iku sejatine asale saka tembung Arab donya.

- (3) Tembung reku asale saka tembung basa Kawi sireku, tegese dheweke utawa kowe. Ing naskah iki tembung sireku ditulis reku kanggo ngepasake guru wilangan.
- (4) Tulisan kang ana ing naskah ora cetha, mula ing suntingan teks dipilih tembung *mukminika* amarga dirasa paling trep lan ing naskah katon ana aksara *mim* lan *ka*.
- (5) Tembung *Gusti kang* ing kene dipilih kanggo ngangkepi tembung kang ora cetha, amarga tembung iki dirasa kang paling trep guru wilangane karo tembung lan ukara sabanjure.
- (6) Tembung *balaba* iku tembung krama-ngoko tegese loma utawa seneng weweh. Tembung *balaba* iki sejatine tulisane *blaba*, amarga kanggo ngepasake guru wilangan lan kanggo nggampangake anggane nulis kanggo aksara Arab, mula ditulis *balaba*.
- (7) Tembung *ing* dipilih amarga ing naskah ana satembung kang ora katon aksarane, saliyane iku tembung ing dirasa paling trep karo guru wilangane.
- (8) Tembung *Sangyang* ing benere dipisah nanging kanggo nggampangake anggane nulis mula panulisane digandheng. Saliyane iku tembung yang ing kene benere *Hyang* nanging amarga nulis tembung *Hyang* migunakake aksara pegon luwih angel, mula ditulis yang kanggo nggampangake panulisan.
- (9) Tembung *sukesma* iku asale saka tembung *sukma*. Sejatine tembung kang bener yaiku *suksema*, nanging diripta *sukesma* bisa uga amarga naskah iki kalebu naskah pesisiran dadi kanggo ngepasake guru wilangan mula ditulis *sukesma*. Bab kasebut lumrah ditindakake sajrone naskah Pesisiran amarga kurange pamawas pangripta ngenani bakune ngripta tembung lan tembang.
- (10) Tembung samadaya iku asale saka tembung sedaya, nanging kanggo ngepasake guru wilangane mula ditambahi sawilangan.

3. Piwulang Islam

3.1 Sesambungan Intertekstual Naskah Israrul Ushul karo Al-Qur'an lan Hadits

Nandhingake naskah kanthi cara Intertekstual iku wigati banget. Bab iki dijajari akeh ditemokake Naskah Islam lan *tasawuf* utawa *suluk* kang migunakake tembung-tembung, frase, ukara, pethikan, lan nukilan-nukilan Qur'an, hadis, lan buku-buku liyane kang migunakake basa Arab, lan uga perangan saka teks tartamtu, tuladhane ing pambukane disusun migunakake basa Arab (Baried, 1983:13). Mula saka iku ing Naskah Israrul Ushul iki ditliti sesambungan Intertekstuale karo Al-Qur'an lan Hadits.

Saben agama mesthi nduweni piwulang-piwulang kanggo nuntun umate marang dalan kang bener. Piwulang-piwulang iki biasane diandharake sajrone kitab suci agamane. Sajrone agama Islam piwulang-piwulang iki kagurit ana sajrone kitab suci

Al-Qur'an. Miturut basa, Al-Qur'an iku tegese sesambungan, sesambungan antarane ayat siji lan ayat liyane, lan bisa uga ditegesi wacan. Kabeh teges iki njlentrehake kalungguhane Al-Qur'an minangka kitabullah kang ayat-ayat lan surat-surate nduweni sesambungan, lan Al-Qur'an minangka wacan kanggo wong muslimin (Nata, 1998:54).

Saliyane Al-Qur'an piwulang-piwulang Islam uga katulis ana ing Hadits. Hadits yaiku sumber hukum sawise Al Qur'anul Karim. Saperangan ulama ahli Hadits nduweni pamawas kang beda-beda ngenani teges Hadits. Saka saperangan pamawas iku nuwuhake rong teges kang winates lan jembar. Teges kang winates ngandharake yen Hadits yaiku samubarang kang disandharake marang Nabi Muhammad Saw. kang arupa tuturan, tumindak, andharan (taqir) lan sipat-sipat lan kahanan-kahanan Nabi Muhammad Saw. Kabeh mung adhedhasar Nabi Muhammad, ora kalebu bab kang didhasarake marang sahabat lan tabi'iy. Dene teges kang jembar yaiku ora mung winates ing bab kang *dimarfu'kake* marang Nabi Muhammad wae, nanging uga tuturan, tumindak, lan taqir kang didhasarake saka sahabat lan tabi'iy (Rachman, 1974:20 lan 27).

Pawongan kang ngandharake utawa ngripta sawijining kitab apa-apa kang tahu dirungu lan ditrima saka salah sawijine wong (guru) diarani rawi (Rachman, 1970: 29). Bisa uga ditegesi yen rawi iku wong kang ngRiwayatake Hadits. Sawijining Hadits kang saiki digunakake wujud wis disusun dening dewan-dewan Hadits lumantar saperangan rawi utawa sanad. Yen ana Hadits kang ana tulisane Riwayat Bukhari utawa Shahih Bukhari, tegese rawi pungkasan kang ngripta lan ngandharake Hadits yaiku Bukhari (Rachmad, 1970: 30). Akeh banget rawi kang ngRiwayatake Hadits nanging kang paling misuwur lan Hadits Riwayate asring digunakake yaiku Imam Bukhari, Imam Muslim, Imam Abu Dawud, Imam At-Turmudzy, Imam An-Nasa'iy, Imam Ibnu Majah, Imam Malik Bin Anas, Imam Asy-Syafi'iy, Imam Ahmad bin Handal lan sapanunggalane.

Saliyane iku ana uga Hadits kang nduweni sanad akeh, nanging kanggo nggampangake anggane nulis jeneng sanade, digunakake tetembungan tartamtu. Tuladhane yen ana Hadits kang ing pungkasane ana tulisane Muttafaq 'alaih tegese Hadits kasebut diRiwayatake dening Imam Bukhari, Imam Muslim lan Imam Ahmad.

Panliten iki migunakake prinsip Intertekstual. Prinsip Intertekstual tegese karya sastra anyar nduweni makna sajrone sesambungan karo karya sastra liya, apa kuwi ing bab kang padha utawa *pertentangane*. Mula pungkasane tintingan kasebut bakal ana sajrone wilayah hipogram. Miturut Rifaterre hipogram yaiku modal utama sajrone sastra kanggo nuwuhake karya sabanjure (<http://arifardiyan.blogspot.com/2012/11/makalah-Intertekstual.html>). Dadi bisa ditegesi yen hipogram yaiku karya sastra kang dadi latar tuwuhe karya sastra liya. Miturut Kristeva, saben teks iku minangka mozaik pethikan-pethikan lan minangka reresapan sarta tranformasi teks-teks liya (Culler sajrone Teeuw, 1988:146). Tegese saben bab iku njupuk perangan

kang apik saka teks liya, banjur teks kasebut diolah adhedhasar panampane lan diolah maneh sajrone karyane.

Unsur hipogram iku ana loro yaiku afirmasi lan negasi. Afirmasi iku asale saka basa Inggris 'affirmation' kang tegese 'penegasan'. Dene negasi iku asale saka basa Inggris 'negation' kang tegese 'penyangkalan', 'penolakan' utawa 'peniadaan'. Panliten iku ditindakake kanthi nggoleki sesambungan-sesambungan makna anatarane rong teks utawa luwih. Mula sesambungan kasebut ora mung nuwuhake samubarang kang padha, nanging uga pertentangan, kang arupa parodi utawa negasi (Ratna, 2011:173). Semana uga ing Naskah Israrul Ushul iki, bakal ditemokake anane hipogram apa iku awujud afirmasi utawa negasi karo Al Qur'an lan Hadits minangka sumber.

Ing njero naskah iki ngandhut maneka warna piwulang Islam. Mula saka iku panliten sajrone naskah iki diklompokake dadi rong perangan, yaiku piwulang-piwulang Islam kang arupa dhawuh, piwulang-piwulang Islam kang arupa wewaler kang saka perangan klompok iku bakal dingerteni endi wae kang kalebu hipogram, afirmasi utawa negasine. Andharan kang luwih cetha diandharake ing saben sub bab iki.

3.1.1 Piwulang-piwulang Islam kang Arupa Dhawuh

Ing bab iki diandharake ngenani piwulang-piwulang Islam kang arupa perintah kang ndadekake manungsa mlebu suwarga. Sipat-sipat kang ndadekake manungsa mlebu suwarga yaiku nindakake kabeh ibadah lan amalan-amalan kang apik, sarta akhlakul mahmudah utawa sipat-sipat kang apik. Ing njero Naskah Israrul Ushul sipat-sipat kang apik digolongake sajrone seket pasal, nanging kang diandharake ing kene mung perangan kang wigati lan nduweni sesambungan Intertekstual karo Al Qur'an lan Hadits. Tuladha piwulang-piwulang Islam kang arupa dhawuh yaiku:

a) Wudu

Sajrone Wikipedia dijlentrehake yen wudu iku asale saka tembung al-wudu' tegese yaiku salah sawijine cara nyucekake perangan awak nganggo banyu. Wong muslim kang arep nindakake salat mesthi nyuceni awake dhisik saka sakabehe hadas gedhe lan cilik. Hadas gedhe disuceni kanthi adus wajib. Dene Hadas cilik disuceni kanthi wudu. Bab kang kudu ditindakake sajrone wudhu yaiku masuk tapak tangan, kemu, masuk irung, raup, masuk tangan, masuk rambut ing ndhuwur bathuk, masuk kuping lan kang pungkasan masuk sikil. Kabeh iku kudu ditindakake kanthi trep, diambali kaping telu saben perangan lan diutamakake perangan awak sisih tengen (Rasjid, 2010: 25-27). Perintah ngenani wudu lan sesuci diandharake sajrone Al Qur'an Surat Al Maaidah ayat 6, yaiku:

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ ءَامَنُوْا اِذَا قُمْتُمْ اِلَى الصَّلٰوةِ فَاغْسِلُوْا وُجُوْهَكُمْ وَاَيْدِيَكُمْ اِلَى الْمَرَافِقِ وَاَمْسَحُوْا رُءُوْسِكُمْ

وَأَرْجُلَكُمْ إِلَى الْكَعْبَيْنِ وَإِنْ كُنْتُمْ جُنُبًا فَاطَّهَّرُوا وَإِنْ كُنْتُمْ مَّرْضَىٰ أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ أَوْ جَاءَ أَحَدٌ مِنْكُمْ مِنَ الْغَائِطِ أَوْ لَمَسْتُمُ النِّسَاءَ فَلَمْ يَجِدُوا مَاءً فَتَيَمَّمُوا صَعِيدًا طَيِّبًا فَامْسَحُوا بِوُجُوْهِكُمْ وَأَيْدِيكُمْ مِنْهُ مَا يُرِيدُ اللَّهُ لِيَجْعَلَ عَلَيْكُمْ مِنْ حَرَجٍ وَلٰكِنْ يُرِيدُ لِيُطَهِّرَكُمْ وَلِيُتِمَّ نِعْمَتَهُ عَلَيْكُمْ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿٦﴾

Hai orang-orang yang beriman, apabila kamu hendak mengerjakan shalat, Maka basuhlah mukamu dan tanganmu sampai dengan siku, dan sapulah kepalamu dan (basuh) kakimu sampai dengan kedua mata kaki, dan jika kamu junub Maka mandilah, dan jika kamu sakit¹ atau dalam perjalanan atau kembali dari tempat buang air (kakus) atau menyentuh² perempuan, lalu kamu tidak memperoleh air, Maka bertayammumlah dengan tanah yang baik (bersih); sapulah mukamu dan tanganmu dengan tanah itu. Allah tidak hendak menyulitkan kamu, tetapi Dia hendak membersihkan kamu dan menyempurnakan nikmat-Nya bagimu, supaya kamu bersyukur.

Teges ayat ki yaiku pawongan kang bakal nindakake salat, kudu masuh wajahe lan tangan nganti teka siku, lan masuh sirah lan sikile nganti teka ugel-ugel sikil, lan yen wong iku junub kudu adus, lan yen wong iku lara utawa ana ndalan lan saka bebuwang lan ndemok wong wadon, nanging ora ana banyu, wong iku kudu tayamum migunakake lemah kang resik, tangan lan wajahe kudu diwasuhi nganggo lemah kasebut.

Saliyane Al Qur'an ing Naskah Israrul Ushul uga diandharake bab ngenani kautamane wudu. Amarga kabeh perangan wudu iku nduweni tujuwan kanggo nyuceni perangan-perangan awak kang disuceni mau, kaya kang diandharake sajrone pethikan Naskah Israrul Ushul iki:

Ing {surga} tanpa (kira-)kirani/
pasal kaping lima ika/
{ngandharne} ganjaranipun/
angambil wudhu punika/
ganjaran(e) wudhu ika/
angilangaken wong iku/
kaluputane sadaya// (VII. 11)

¹ Maksudnya: sakit yang tidak boleh kena air.

² Artinya: menyentuh. menurut jumhur ialah: menyentuh sedang sebagian mufassirin ialah: menyetubuhi.

Tatkala katemu sireki/
sarta manjingaken ika/
bayu ingirung tamangku/
ngilangaken sakwi dhusa/
kang ana (ing) cangkemira/
tatkala amasuh {iku}/
ing rarahini tasira// (VII. 12)

Ngilangaken dosa iki/
kang ana ing rahinira/
lan tatkala masukaro/
ing tangan sarta sikutnya/
ngilang(a)ken dhusa s(e)daya/
kang ana ing tanganipun/
tatkala ngusap sireka// (VII. 13)

Angilangaken duseki/
kang ana ing sira ika/
tatkala amasuh suku/
karo sarta wawanglunya/
angilangaken dusa/
kang ana ing sukunipun/
sakathahi dusa nira// (VII. 14)

Pethikan naskah iki ngandharake yen wudu iku bisa ngilangaken sakabehe kaluputan kang ditindakake manungsa. Nalika manungsa iku masuh irung lan lambene bakal ngilangake sakabehe dosa kang ana ing lambene. Nalika masuh wajahe ngilangake dosa kang ana ing mripat lan wajahe. Nalika masuh tangan loro nganti sikut ngilangake kabeh dosa kang ana ing tangane. Nalika masuh sikil ngilangake sakabehe dosa kang ana ing sikile. Pethikan naskah kasebut isine saemper karo pethikan Hadits Riwayat Muslim, kang unine kaya mangkene:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ:
إِذَا تَوَضَّأَ الْعَبْدُ الْمُسْلِمُ أَوْ الْمُؤْمِنُ فَغَسَلَ وَجْهَهُ خَرَجَ مِنْ وَجْهِهِ كُلِّ خَطِيئَةٍ
نَظَرَ إِلَيْهَا بَعَيْنَيْهِ مَعَ الْمَاءِ أَوْ مَعَ اخِرِ قَطْرِ الْمَاءِ، فَإِذَا غَسَلَ يَدَيْهِ خَرَجَ كُلُّ
خَطِيئَةٍ كَانَتْ بَطْنِهَا يَدَاهُ مَعَ الْمَاءِ أَوْ مَعَ اخِرِ قَطْرِ الْمَاءِ، فَإِذَا غَسَلَ رِجْلَيْهِ
خَرَجَتْ كُلُّ خَطِيئَةٍ مَشَتْهَا رِجْلَاهُ مَعَ الْمَاءِ أَوْ مَعَ اخِرِ قَطْرِ الْمَاءِ حَتَّى
يَخْرُجَ تَقِيَّامِنَ الذَّنُوبِ (رواه مسلم)

“Dari Abu Hurairah r.a. bahwasannya Rasulullah s.a.w. bersabda: “Apabila seorang hamba yang muslim atau mukmin itu berwudhu’, dimana sewaktu ia membasuh mukanya, maka keluarlah semua dosa yang dilihat dengan kedua matanya dari mukanya bersama-sama dengan air itu atau bersama-sama dengan tetesan air yang terakhir. Jika ia membasuh kedua tangannya, maka keluarlah semua dosa yang diperbuat oleh kedua tangannya itu bersama-sama dengan air itu atau bersama-sama dengan tetesan air yang terakhir. Dan jika ia membasuh kedua kakinya, maka keluarlah semua dosa yang diperbuat oleh kedua kakinya itu bersama-sama dengan air itu atau bersama-sama dengan tetesan air yang terakhir, sehingga ia bersih dari semua dosa. (HR. Muslim)

Tegese pethikan Hadits Riwayat Muslim iki tegese padha karo kang ana ing pethikan Naskah Israrul Ushul pupuh pitu pada suwelas nganti patbelas. Saka andharan kasebut bisa dingerteni yen apa kang ana sajrone naskah Israrul Ushul, asale saka pethikan Hadits Riwayat Muslim. Amarga Hadits Riwayat muslim iki asale saka tumindak lan tuturan Nabi Muhammad, mula diripta luwih dhisik tinimbang naskah Israrul Ushul iki. Saliyane iku apa kang ana ing pethikan Naskah Israrul Ushul pupuh pitu pada suwelas nganti patbelas lan pethikan Hadits Riwayat Muslim uga nduweni sesambungan karo Surat Al Maaidah ayat 6.

b) Salat Jemuwah

Salat Jemuwah iku salat rong rakaat sawise khotbah kang ditindakake wayah Luhur ing dina Jemuwah. Salat Jemuwah hukume wajib ditindakake sekabehe wong lanang muslim kang wis dewasa (*baligh*), merdeka lan kang manggon ing njero negarane (Rasjid, 2010:123). Akeh kautaman saka salat Jemuwah, salah sawijine yaiku ngilangake sakehe dosane, kaya kang diandharake ing pethikan naskah ing ngisor iki:

Pasal kaping enem belas/
{ngandharne} (ing) ganjaran niki/
ing wong <kang> shalat tareku/
ing shalat jumngat puniki/
(sing) sapa adus sireki/
ing dina jumngat puniku/
karena shalat {ika}/
maka ana adus iki/
dadi tutupe sakehe dusa nira// (VIII. 1)

Pethikan naskah ing kasebut laras karo isi pethikan Hadits Riwayat Muslim, kang unine:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ:
الصَّلَاةُ الْخَمْسُ وَالْجُمُعَةُ إِلَى الْجُمُعَةِ كَفَّارٌ لِمَا بَيْنَهُنَّ مَا لَمْ تَغْسِ
الْكَبَائِرَ (رواه مسلم)

“Dari Abu Hurairah bahwasannya Rasulullah s.a.w. bersabda: “Shalat yang lima dan jum’at yang satu hingga Jum’at berikutnya adalah kafarat (penebus) atas dosa-dosa yang diperbuatnya di antara waktu itu selama dijauhinya dosa-dosa besar.” (HR. Muslim)

Saka Abu Hurairah kang ngandharake yen Rasulullah ngendika: salat limang wektu lan salat Jemuwah sawektu nganti Jemuwah sabanjure minangka kafarat (penebus) saka dosa-dosa kang ditindakake lan antaranane wektu iku didohake saka dosa-dosa kang gedhe.

Saliyane rong pethikan kasebut, bab ngenani prentah nindakake salat Jemuwah diandharake sajrone Al Qur’an Surat Al Jumu’ah ayat 9-10. Isine kaya mangkene:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا إِذَا نُودِيَ لِلصَّلَاةِ مِنْ يَوْمِ الْجُمُعَةِ
فَأَسْعَوْا إِلَىٰ ذِكْرِ اللَّهِ وَذَرُوا الْبَيْعَ ۚ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ

تَعْلَمُونَ ﴿٥٠﴾ فَإِذَا قُضِيَتِ الصَّلَاةُ فَانْتَشِرُوا فِي الْأَرْضِ

وَاتَعْلَمُوا مِنْ فَضْلِ اللَّهِ وَأَذْكُرُوا اللَّهَ كَثِيرًا لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٥١﴾

Hai orang-orang beriman, apabila diseru untuk menunaikan shalat Jum'at, Maka bersegeralah kamu kepada mengingat Allah dan tinggalkanlah jual beli³. yang demikian itu lebih baik bagimu jika kamu mengetahui. Apabila telah ditunaikan shalat, Maka bertebaranlah kamu di muka bumi; dan carilah karunia Allah dan ingatlah Allah banyak-banyak supaya kamu beruntung.

Pethikan Surat kaebut isine ngandharake prentah nindakake salat Jemuwah. Nalika wayah salat Jemuwah kudu ninggalake dol tinuku, supaya oleh karunia Allah lan dadi wong kang bejo.

Saka andharan iki bisa ditegesi yen sejatine pethikan Naskah Israrul Ushul ngenani salat Jemuwah saemper karo pethikan Hadits Riwayat Muslim. Dene pethikan Al Qur'an Surat Al Jumuah ayat 9-10 mung minangka panjangkep pamawas kang ana sajrone pethikan Naskah Israrul Ushul kasebut.

3.1.2 Piwulang-piwulang Islam kang Arupa Wewaler

Sajrone Naskah Israrul Ushul iki ana saperangan piwulang-piwulang Islam kang arupa wewaler ditulis sajrone seket pasal. Nanging kaya dene sub bab sadurunge, kang bakal diandharake ing kene mung perangan kang wigati lan nduweni sesambungan Intertekstual karo Al Qur'an lan Hadits. Wewaler-wewaler iki kang ndedekake manungsa mlebu neraka. Wewaler-wewaler sajrone piwulang Islam kang ana ing Naskah Israrul Ushul yaiku:

a) Kafir

Miturut piwulang Islam, kafir iku kalebu dosa gedhe kang bakal ora dingapura dening Gusti. Miturut Wikipedia, Kafir iku asale saka basa Arab كافر *kāfir*; plural كفار *kuffār*, yen kanthi harafiah kafir yaiku wong kang ndhelikake lan ora percaya marang samubarang kang bener. Sajrone *terminologi kultural* tembung iki tegese wong kang ora percaya anane nikmat saka Gusti Allah.

Miturut naskah ana saperangan golongan kafir ing donya iki, kayata Kafir Nasrani lan Kafir Yahudi. Kafir Nasrani yaiku golongan wong kafir kang nduweni agama Nasrani. Dene Kafir Yahudi yaiku golongan wong kafir kang nduweni agama Yahudi utawa wong kafir saka bangsa Yahudi.

Kafir minangka dosa gedhe kang ora bakal diampuni dening Gusti Allah. Mula wong Kafir iku mbesuk ing akhirat bakal mlebu neraka selawase.

³ Maksudnya: apabila imam telah naik mimbar dan muazzin telah azan di hari Jum'at, Maka kaum muslimin wajib bersegera memenuhi panggilan muazzin itu dan meninggalkan semua pekerjaannya.

Andharan ngenani wong Kafir Nasrani lan Yahudi bisa kawawas sajrone naskah kayata:

Dadalane mukmin niki /
kang tuwan paring (*nugrahan*) /
(dhateng) maring kakasihe reku /
<liyane> saking dadalan /
tuwan aparing langnat /
maring kapir yahudiku /
lan [dohaken] saking marga// (I. 5)

Tuwan paringaken niki /
ing wong kang kapir punika /
kapir nasarani niku /
muga tuwan narimaha /
(ing) *panedhamba* punika /
lawan rencang amba reku /
kang para nembah ing tuwan// (I. 6)

Pethikan iki isine pangarep-arep saka pangripta supaya Gusti Allah ngampuni dosane wong Kafir Nasrani lan Kafir Yahudi supaya enggal diparingi dalan kang bener. Amarga Kafir iku kalebu dosa kang gedhe. Pethikan iki laras karo AL Qur'an Surat Al Hajj ayat 17 kang unine:

إِنَّ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَالَّذِينَ هَادُوا وَالصَّٰلِحِينَ وَالنَّصِرَىٰ

وَالْمَجُوسَ وَالَّذِينَ أَشْرَكُوا إِنَّ اللَّهَ يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ

إِنَّ اللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَٰهِدٌ ﴿١٧﴾

Sesungguhnya orang-orang yang beriman, orang-orang Yahudi, orang-orang Shaabi-iin⁴ orang-orang Nasrani, orang-orang Majusi dan orang-orang musyrik, Allah akan memberi keputusan di antara mereka pada hari kiamat. Sesungguhnya Allah menyaksikan segala sesuatu

Surat kasebut ngandharake yen golongan wong *beriman*, wong Yahudi, wong Shaabi-iin, wong Nasrani, wong Majusi lan wong Musyrik iku bakal oleh ganjaran manut apa kang ditindakake ing dina kiamat. Ganjaran kanggo wong Kafir , Yahudi, Nasrani, Majusi, Shaabi-iin lan musyrik iku ana ing pethikan Surat Al-Mai'daah ayat 86, kang unine:

وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَانُوا غَٰيِبِينَ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَحِيمِ ﴿٨٦﴾

Dan orang-orang kafir serta mendustakan ayat-ayat Kami, mereka Itulah penghuni neraka.

Tegese ayat kasebut yaiku wong kang kafir lan kang ora percaya marang ayat-ayat saka Gusti Allah, bakal manggon ing neraka. Saka pethikan

⁴ Syafa'at: usaha perantaraan dalam memberikan sesuatu manfaat bagi orang lain atau mengelakkan sesuatu mudharat bagi orang lain. syafa'at yang tidak diterima di sisi Allah adalah syafa'at bagi orang-orang kafir.

naskah lan Surat Al Qur'an kasebut bisa dingerteni yen isine pethikan naskah lan Surat Al Hajj iku padha-padha ngandharne yen wong kafir golongan apa wae bakal oleh ganjaran manut tumindake. Ganjaran kanggo wong kafir yaiku kaya kang ana ing Surat Al Mai'daah ayat 86 yaiku mlebu neraka, amarga kafir iku tumindak kang gedhe dosane. Mula ing pethikan naskah Israrul Ushul pangripta nedonga supaya wong kang kafir diparingi ampunan.

b) Ninggal Salat

Salat iku sakane agama. Gusti Allah iku ndhawuhake yen salat iku minangka kuwajibane saben wong muslim. Lan pawongan kang nindakake kuajiban solat limang wektu bakal diganjar pahala kang gedhe, nanging bakal ngganjar dosa kang gedhe marang wong kang kanthi sengaja ninggalake solat wajib. Wong kang kanthi sengaja ninggalake solat tanpa anane alangan kang wis ditemtokake dianggep dadi wong kang kafir kayadene *murtad* (Rasjid, 2010:446). Kaya kang diandharake sajrone pethikan Hadits Riwayat Muslim iki:

بَيْنَ الْعَبْدَيْنِ الْكُفْرُ تَرْكُ الصَّلَاةِ. (رواه مسلم)
"Perbedaan antara hamba Allah dengan kafir ialah meninggalkan salat." (HR Muslim)

Kaya kang diandharake ing Hadits Riwayat Muslim kang mbedakake manungsa kafir karo ora iku saka salate. Manungsa bakal oleh dosa gedhe lan mlebu neraka yen ninggalake salat. Kaya kang diandharake sajrone pethikan naskah ing ngisor iki:

Pasal (ping) telupuluh papat/
 anyataken sikseki/
 wong atinggal salat {ika}/
 siksane dinira pasthi/
 besuk (ing) qiyamat iki/
 ing j(e)ro naraka kinulur/
 ana (ing) j(e)ro pethi ika/
 pethi saking narakeki/
 kang ana (ing) jero pethi ika barajak//(V. 9)

Ing Al Qur'an diandharake bab kang ndadekake manungsa iku mlebu neraka. Salah sawijine yaiku nalika urip ora nindakake salat. Kaya kang kawawas ing pethikan Surat Al Muddatsir ayat 42-47:

مَا سَلَكَكُمْ فِي سَقَرٍ ﴿٤٢﴾ قَالُوا لَمْ نَكُ مِنَ الْمُصَلِّينَ
 ﴿٤٣﴾ وَلَمْ نَكُ نُطْعِمُ الْمَسْكِينِ ﴿٤٤﴾ وَكُنَّا نَحْوُصُّ مَعَ
 الْخَائِضِينَ ﴿٤٥﴾ وَكُنَّا نَكْذِبُ يَوْمَ الدِّينِ ﴿٤٦﴾ حَتَّىٰ آتَيْنَا
 الْيَقِينَ ﴿٤٧﴾

"Apakah yang memasukkan kamu ke dalam Saqar (neraka)?" mereka menjawab: "Kami dahulu tidak Termasuk orang-orang yang mengerjakan shalat, dan Kami tidak (pula) memberi Makan orang miskin, dan

adalah Kami membicarakan yang bathil, bersama dengan orang-orang yang membicarakannya, dan adalah Kami mendustakan hari pembalasan, hingga datang kepada Kami kematian".

Isi pethikan surat kasebut ngenani golongan manungsa kang bakal mlebu neraka Saqar, yaiku: golongan wong kang ninggalake salat, kang ora ngamal karo wong fakir, kang seneng rerasan, lan wong-wong kang seneng ngomongake barang ala, lan kang ora percaya marang dina qiyamat lan piwalesan.

Rong pethikan iki nduweni cara ngandharake kang beda, nanging bab kang dadi pokok pamikiran padha, yaiku ngenani dosane wong kang ninggalake salat. Senajan ing pethikan Surat Al Muddatsir ayat 42-47 iki ora mung ngandharake bab solat wae, nanging saka isi kang diandharake rong pethikan iki sejatine nduweni sesambungan.

Saka kang wis diandharake, bisa dingerteni yen sesambungan Intertekstual kang ana sajrone naskah Israrul Ushul dudu sesambungan Intertekstual kang asipat nandhingake piwulang antarane Naskah Israrul karo piwulang kang ana sajrone Al Qur'an lan Hadits, amarga antarane naskah, Al Qur'an lan Hadits nduweni kalungguhan kang ora *sebandhing*. Sesambungan Intertekstual ing kene yaiku minangka sarana kanggo mbuktakake yen piwulang kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul laras karo pamawas kang ana sajrone Al Qur'an lan Hadits. Mula teori Intertekstual kang digunakake ing kene awujud prinsip Intertekstual, tegese karya sastra anyar nduweni makna sajrone sesambungan karo karya sastra liya, apa kuwi ing bab kang padha utawa *pertentangan* kang pungkasan titingan kasebut bakal ana sajrone wilayah hipogram.

Saka andharan kang wis diandharake sadurunge bisa dingerteni yen Al Qur'an lan Hadits iku hipogram saka Naskah Israrul Ushul. Tegese piwulang kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul iku asale saka Al Qur'an lan Hadits. Piwulang kang wigati sajrone Al Qur'an lan Hadits dijupuk, banjur karo pangripta diolah adhedhasar panampane banjur diolah dadi karyane yaiku Naskah Israrul Ushul.

Kaya kang diandharake ing andharan wiwitan bab iki, yen unsur hipogram iku ana loro yaiku afirmasi lan negasi. Saka andharan kasebut uga bisa dingerteni endi wae piwulang naskah kang arupa afirmasi saka piwulang sajrone Al Qur'an lan Hadits lan endi wae piwulang naskah kang arupa negasi saka piwulang Al Qur'an lan Hadits. Saperangan gedhe piwulang kang ana Naskah Iki arupa afirmasi saka piwulang kang ana AL Qur'an lan Hadits, tegese piwulang kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul iku akeh sing laras karo piwulang sajrone AL Qur'an lan Hadits. Dene negasi kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul iki dudu samubarang kang asipat kosokbalen utawa *"bertentangan"*. Negasi ing kene tegese ana piwulang sajrone Naskah Israrul Ushul kang ora saemper karo piwulang ing Al Qur'an lan Hadits, nanging yen digatekake sejatine piwulang iki nduweni karep lan makna kang saemper karo piwulang sajrone

AL Qur'an lan Hadits, mung wae cara ngandharake rodo beda.

3.2 Guna Piwulang-piwulang Islam sajrone Naskah Israrul Ushul.

Ing Naskah Israrul Ushul kang isine ngemot bab tuntunan sajrone agama Islam ngandharake piwulang-piwulang Islam kang ana sambung rakete karo panguripane manungsa. Piwulang-piwulang Islam kang ana ing Naskah Israrul Ushul iki didhasarake saka piwulang-piwulang Islam kang ana ing Al Qur'an lan Hadits. Mula isi lan andharan ing njerone iki saemper karo apa kang diandharake ing Al Qur'an lan Hadits.

Piwulang-piwulang Islam kang ana ing Naskah Israrul Ushul arupa piwulang akidah lan akhlak. Ing njero naskah diandharake bab ngenani *akhlakul karimah* yaiku akhlak apik kang kudu diduweni sekabehe umat muslim lan *akhlakul mazmumah* utawa akhlak ala yaiku akhlak kang kudu ditinggalake sekebehe umat muslim. Akhlak apik iki nuntun manungsa menyang suwarga dene akhlak ala ndadekake manungsa mlebu neraka.

Naskah Israrul Ushul kang arupa Naskah Pesisiran tuwuh ing periode Kasusastran Jawa Anyar. Bab iki bisa dititoni saka basa kang digunakake kagolong Basa Jawa Anyar. Ing jaman saiki Naskah Israrul Ushul wis jarang digunakake kanggo media panggulawentah, malah bisa uga wis ora digunakake, nanging piwulang-piwulang kang ana ing njero Naskah Israrul Ushul isih diwulangake ing sekolah-sekolah lan pesantren-pesantren ing jaman modern. Buku-buku kang ana ing masyarakat uga isih akeh sing ngandharake bab *akhlakul karimah* lan *akhlakul mazmumah* kaya kang ana ing njero Naskah Israrul Ushul. Mula saka iku, bisa ditegesi yen piwulang-piwulang kang ana ing njero Naskah Israrul Ushul iki isih nduweni piguna ing masyarakat.

Isi naskah Israrul Ushul kang ngemot bab piwulang, mligine piwulang agama lan akidah-akhlak iki salaras karo guna sastra pesisiran yaiku kanggo nambah ketrampilan basa, nambah pamawas bab budaya, nuwuhake cipta lan rasa, kayata indrawi manungsa, penalaran manungsa, rasa-pangrasa manungsa, *kesadaran* sosial manungsa, *religiusitas* manungsa lan kang pungkasan mbentuk wewatekane manungsa (Purnomo, 2011:27-32). Kanggo luwih mangerteni guna saka piwulang-piwulang sajrone Naskah Israrul Ushul, diandharake ing sub bab sabanjure.

a) Nuwuhake Nilai Agama

Naskah Israrul Ushul isine ngandharake bab akidah lan akhlak. Ing naskah iki dituduhake akhlak apa wae kang kagolong akhlak kang apik lan akhlak kang ala. Naskah iki diripta kanthi tujuwan salah sawijine kanggo nuwuhake nilai agama sajrone dhiri manungsa mligine kaum muslim. Piwulang-piwulang iki dituduhake marang sekabehe umat muslim supaya nuladhani lan nindakake perintah-perintah utawa dhawuh-dhawuh sajrone agama Islam lan ngedohi wewaler-wewaler agama Islam. Piwulang Islam

kasebut minangka pedhoman kanggo nggayuh urip mulya ing ndonya lan akherat.

Senajan ing jaman saiki Naskah Israrul Ushul wis ora diwulangake ing sekolah utawa pesantren nanging piwulang kang ana ing njerone tetep diwulangake nganti saiki. Tujuwan kang ana ing njerone uga padha yaiku salah sawijine kanggo nuwuhake nilai agama tumrap umat muslim.

b) Nuwuhake Rasa Tepaslira

Piwulang utawa piwulang akhlak sajrone Islam iku ana loro yaiku piwulang Islam kang ngandharake bab sesambungan antarane manungsa karo Gusti Allah (*Khablumminallah*) lan sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane (*Khablumminannas*). Piwulang kang ngandharake ngenani sesambungane manungsa karo Gusti Allah tuladhane yaiku piwulang ngenani salat, zakat, pasa, haji, maca sahadat, wudu, adan lan sapanunggalane. Dene piwulang kang ngandharake sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane tuladhane yaiku asih ing wong fakir lan anak yatim, rukun karo sanak, rukun karo tangga, rukun karo sasama mligine umat muslim lan sapanunggalane.

Saliyane piwulang kang sesambungan karo *khablumminallah*, ing Naskah Israrul Ushul uga diandharake piwulang antarane manungsa lan manungsa liya. Piwulang iki diandharake sajrone Naskah Israrul Ushul supaya nuwuhake rasa tepaslira antarane manungsa siji lan liyane. Saliyane iku, piwulang ngenani sesambungan manungsa siji karo liyane ditindakake supaya bisa nepangake cara srawung karo lingkungan sosial kang bener adhedhasar agama Islam.

c) Mbenerake Akidah lan Akhlak

Bocah wiwit cilik nganti dewasa mesthi tansah oleh panggulawentah saka lingkungan, apa iku ing lingkungan kluwarga utawa lingkungan sosial, nanging ora kabeh panggulawentah iku bener, amarga ora kabeh manungsa lair ing lingkungan kang apik ing babagan agama. Mula saka iku nyinaoni piwulang akhlak ing sekolah utawa pesantren wigati banget.

Naskah Israrul Ushul diprakirakake diripta lan diwulangake ing lingkungan pesantren. Bab iki bisa digatekake saka piwulang ing njerone kang ngandharake bab piwulang agama Islam. Mula saka iku bisa ditegesi yen Naskah Israrul Ushul iki diwulangake ing pesantren supaya bisa nepangake lan menahi piwulang akidah lan akhlak kang bener marang para santrine, supaya para santri bisa ngecakake piwulang naskah ing panguripan sabendinane.

d) Ngedohake Saka Tumindak kang Ala

Kaya kang diandharake sadurunge yen Naskah Israrul Ushul diripta lan diwulangake ing lingkungan pesantren kanggo nepangake piwulang akidah lan akhlak kanggo para santrine. Sawise para santri ditepangake piwulange, banjur para santri diarepake bisa nuladhani piwulang kang ana ing njerone.

Yen para santri wis bisa nuladhani lan ngerteni isi piwulang akidah akhlak kasebut, ing njero ati para santri bakal tuwuh rasa percaya. Sawise percaya, para santri bakal ndadekake piwulang kasebut tuntunan sajrone urip. Pungkasane ngecakake piwulang kasebut ing panguripan sabendina.

Saliyane ngenani akidah lan akhlak ing njero Naskah Israrul Ushul uga ngandharake bab surga lan neraka. Ing njero naskah iki diandharake tumindak-tumindak kang apik lan ala sarta ganjaran kang bakal diwenehake marang kang nindakake. Mula manungsa kang wis tuwuh rasa iman ing atine bakal tansah ngedohi tumindak ala kang dadi wewaler sajrone agama, amarga ana rasa wedi marang Gusti Allah lan siksa ing njero neraka.

Saka andharan kasebut, bisa dingerteni yen piwulang sajrone Naskah Israrul Ushul iku nduweni patang guna yaiku nuwuhake nilai agama, nuwuhake rasa tepaslira, mbenerake akidah lan akhlak, lan ngedohake saka tumindak kang ala. Patang guna kasebut nduweni guna kang wigati sajrone panguripan kang ndadekake manungsa bisa urip mulya ing ndonya lan akhirat.

D. PANUTUP

1. Dudutan

Saka panliten kang wis ditindakake ngenani Naskah Israrul Ushul bisa didudut yen naskah kang dadi objek panliten iki isih ana sampule nanging ora sinurat irah-irahane. Irah-irah naskah iki dingerteni sajrone isi naskah kang nyebutake yen naskah iki nduweni aran Israrul Ushul. Ing perangan wiwitan lan pungkasan naskah ora ana katrangan bab pangripta lan wektu panulisane naskah, saengga ora bisa dingerteni sapa lan kapan wektu panulisane naskah. Ing pungkasan naskah isine rada “nggantung”, lan ana perangan saka naskah liya kang kecampur ana mburi naskah. Mula bisa ditegesi yen samak kang digunakake dudu samak asli naskah.

Asil tingingan Naskah Israrul Ushul menahi gegambaran yen karya sastra kang ana ing naskah kagolong karya sastra pesisiran. Perkara kasebut bisa kawawas saka wujud fisik lan isine. Saka wujud fisike bisa kawawas saka tulisan naskah kang migunakake tulisan Arab Pegon (aksara Arab basane basa Jawa), lan basa kang digunakake yaiku basa Jawa Anyar, Kawi, Arab lan Melayu. Saka isine, naskah iki didominasi karo piwulang agama Islam.

Kanggo mangerteni anane kaluputan sajrone ngripta karya sastra mula ditindakake suntingan teks. Saka asiling suntingan teks, bisa dingerteni yen akeh kaluputan lan *penyimpangan* kang ditindakake dening pangripta. Kaluputan kasebut bisa jalaran kawruhe pangripta kang kurang utawa kaluputan kang ora disengaja. Kaluputan kasebut bisa digatekake saka cacah guru gatra, guru wilangan lan guru lagu kang ora laras karo paugeran, lan kaluputan anggone ngripta tembung.

Saka asiling tingingan Naskah Israrul Ushul bisa diweruhi yen karya sastra iki isine ngenani piwulang agama Islam kang awujud prentah utawa dhawuh lan wewaler. Piwulang kang awujud dhawuh

yaiku sipat-sipat kang kagolong akhlak apik (*akhlakul mahmudah*) kang ndadekake manungsa mlebu suwarga lan piwulang kang awujud wewaler yaiku sipat-sipat kang kagolong akhlak ala (*akhlakul mazmumah*) kang ndadekake manungsa mlebu neraka. Piwulang kang ana ing Naskah Israrul Ushul ora winates ing akhlak manungsa pribadi yaiku sesambungan antarane manungsa karo Gusti Allah (*kablum minallah*) nanging uga sesambungan manungsa karo manungsa liya (*kablum minannas*).

Piwulang kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul sumber saka Al Qur'an lan Hadits. Bab iki bisa digatekake saka piwulang-piwulang kang ana sajrone Naskah nduweni kalarasan isi karo Al Qur'an lan Hadits. Mula saka iki, bisa didudut Al Qur'an lan Hadits iku hipogram saka Naskah Israrul Ushul. Tegese piwulang kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul iku asale saka Al Qur'an lan Hadits. Piwulang kang wigati sajrone Al Qur'an lan Hadits dijupuk, banjur karo pangripta diolah adhedhasar panampane dadi karyane yaiku Naskah Israrul Ushul. Amarga Naskah Islam lan *tasawuf* utawa *suluk* akeh migunakake tembung-tembung, frase, ukara, pethikan, lan nukilan-nukilan Al Qur'an, hadist, lan buku-buku liyane kang migunakake basa Arab.

Saka andharan kasebut uga bisa dingerteni endi wae piwulang naskah kang arupa afirmasi saka piwulang sajrone Al Qur'an lan Hadits lan endi wae piwulang naskah kang arupa negasi saka piwulang Al Qur'an lan Hadits. Saperangan gedhe piwulang kang ana Naskah Iki arupa afirmasi saka piwulang kang ana AL Qur'an lan Hadits, tegese piwulang kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul iku akeh sing laras karo piwulang sajrone AL Qur'an lan Hadits. Dene negasi kang ana sajrone Naskah Israrul Ushul iki dudu samubarang kang asipat kosokbalen utawa “*bertentangan*”. Negasi ing kene tegese ana piwulang sajrone Naskah Israrul Ushul kang ora saemper karo piwulang ing Al Qur'an lan Hadits, nanging yen digatekake sejatine piwulang iki nduweni karep kang padha karo piwulang sajrone AL Qur'an lan Hadits.

Ing jaman saiki Naskah Israrul Ushul wis ora diwulangake ing sekolah-sekolah utawa pesantren-pesantren kaya ing jamane biyen. Nanging piwulang kasebut isih diwulangake nganti saiki, amarga piwulang ngenani akhlak iku diugemi saben dina. Bab kasebut bisa ditengeri saka isih akehe buku-buku akhlak kang ana ing masyarakat modern.

Piwulang sajrone Naskah Israrul Ushul nduweni piguna utawa fungsi tumrap masyarakat. Guna piwulang kasebut yaiku nuwuhake nilai agama, nuwuhake rasa tepaslira, mbenerake akidah lan akhlak lan ngedohake saka tumindak kang ala.

2. Pamrayoga

Nandhingake Naskah karo Al Qur'an lan Hadits kagolong panliten kang ora gampang lan dibutuhake kekendelan anggone nliti, amarga mbutuhake akeh banget reverensi lan maneka pamawas. Mula panliti kudu ngati-ati anggone nliti lan mawas bab kasebut. Sejatine panliten iki isih adoh saka kasampurnan, amarga akeh bab sajrone naskah

kang durung bisa diwiyak lan mung nandhingake isi naskah karo Al Qur'an lan Hadits kanthi cara umum, durung kanthi mligi lan luwih jero. Senajan mangkono, panliten iki diajab bisa nambahi khasanah kusastraan Jawa mligine sastra tradhisi.

Para pamaos diajab supaya bisa paring pamikiran anyar marang sastra Jawa, mligine sastra tradhisi. Jalaran sajrone sastra tradhisi kayata naskah, ngemu saperangan piwulang-piwulang urip ing bebrayan kang bisa diweruhi kanthi cara nлити karya sastra kasebut. Saliyane iku kanthi nлити karya sastra tradhisi, minangka sawijine tumindak kanggo ngleluri kabudayaan Jawa lan nglestarekake naskah-naskah lawas saka kamuspran.

KAPUSTAKAN

- Fahrudin, Achmad, Ari Widodo, Ikk. 2004. *Al Qur'an Digital versi 2.1*. Bandung: CV. Diponegoro.
- , 2010. *Al-Qur'anulkarim Terjemahan Tafsir Per kata*. Bandung: PT. Sigma Examedia Arkanleema.
- Baried, Siti Baroroh, Ikk. 1983. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- , 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas (BPPF) Seksi Filologi, Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada.
- Darma, Budi. 2004. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra, Epistimologi, Model, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Medpress.
- Fadholi, In'am lan Rafi'udin. 2001. *Menggapai Surga Melalui Amal-amal Shaleh*. Jakarta: Setia Kawan.
- Halim, Amran. 1978. *Pengkajian Sastra-sastra Tradisional Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Hasan, Moh. Syamsi. 2003. *Neraka (Kedahsyatan Siksaan dan Rintihan Para Penghuninya)*. Surabaya: Amelia.
- , 2003. *Menyibak Tirai Selimut Surga*. Surabaya: Amelia.
- Hutomo, Suripan Sadi, Ikk. 1984. *Penelitian Bahasa dan Sastra Babad Demak Pesisiran*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- , 1993. *Merambah Matahari Sastra alam Perbandingan*. Surabaya: Gaya Masa.
- Imran, M. ----. *Penuntun Salat Dhuha*. Surabaya: Karya Ilmu.
- , ----. *Penuntun Salat Tahujjud*. Surabaya: Karya Ilmu.
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Balai Pustaka.
- Luxemburg, Jan Van, Mieke Bal, Willem G. Weststeijn. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Ditarwakake dening Dick Hartoko. Jakarta: PT. Gramedia.
- , 1989. *Tentang Sastra*. Ditarwakake dening Akhadiati Ikram. Jakarta: Intermedia.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- MZ., Labib lan Mulkan Hamid. 1997. *Koleksi Hadits Nabi yang Disepakati Bukhari dan Muslim Dilengkapi dengan Penjelasan*. Tuban: Yayasan Amanah.
- Nata, Abuddin. 1998. *Al-Qur'an dan Hadist*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngrengreng Kasusastraan Djawa*. Yogyakarta: Soejadi Jogjakarta.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawi*. Maatschappij N. V. Groningen, Batavia: J. B. Wolters Uitgevers.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2010. *Beberapa Teori sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- , 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Rahman, Fatchur. 1974. *Iktishar Mushthalahu'l Hadits*. Bandung: PT. Alma'arif.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Rasjid, H. Sulaiman. 2010. *Fiqh Islam*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Semi, M. Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Setyawan, Ebta. 2007. *English-Indonesian and Indonesian-English Dictionary versi 2.0*.
- Syafi'i, M. -----. *Larangan Bagi Wanita*. Surabaya: Arkola.
- Sudaryanto dan Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tim Redaksi Kamus Besar Bahasa Indonesia. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Todorov, Tzvetan. 2012. *Dasar-dasar Intertekstualitas*. Dikaji dan diterjemahkan oleh Sunaryono Basuki Ks. Denpasar: CV. Bali Media Adhikarsa.
- Warren, Welek dan Austin Rene. 1993. *Teori Kesastraan*. Dikaji dan diterjemahkan oleh Melani Budianta. Jakarta: PT. Pustaka Utama.
- Worton, Michael dan Judith Still. 1991. *Intertextuality : Theories and Practices*. Manchester : Manchester University Press.

Internet Acuan

<http://banggaberbahasa.blogspot.com/2012/02/teori-intertekstual-dalam-apresiasi.html>, 23 Januari 2013, jam 15.09

<http://www.scribd.com/doc/110853073/Kebudayaan-Jawa-Sebuah-Pengantar>, 23 Januari 2013, jam 15.16

<http://id.wikipedia.org/wiki/Kafir>, 2 Mei 2013, jam 12.37

<http://arifardiyan.blogspot.com/2012/11/makalah-intertekstual.html>, 2 Juli 2013, jam 16.37

http://muhammad-h-fib11.web.unair.ac.id/artikel_detail-71279.html, 2 Juli 2013, jam 16:49